

BAHASA SUNDA

PANGAJARAN 1

Nyalametkeun Makhluk Papada Ciptaan Alloh



Sumber: infomart

A

Maca Jero Haté

Urang téh kudu akur jeung papada mahluk, sabab papada ciciptan Allah.

Geura urang baca leu di handap.

Penyu Héjo



Sumber: sentanaonline.com

Penyu téh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rék saumur jeung dinosaurus.

Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarénghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna. Tempat nu jauhna 3.000 km bisa disorang salila 58-73 poé.

Penyu jalu salilana hirup di laut. Penyu bikang muru basisir nyelang rék ngendog. Teu tulus ngendog mun kacaangan atawa kagandéngan.

Di dunya téh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu héjo, penyu sisik, penyu *Kemp's ridley*, penyu lekang, penyu balingbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan.

Penyu balingbing téh penyu nu panggedéna. Panjang awakna 2,75 m, beuratna 600 -900 kg. Penyu lekang pangleutikna, beuratna ukur 50 kg. Anu pangmindengna kapanggih mah penyu héjo. Kabeukina tutuwuhan jeung sato laleutik.



Sumber: id.wikipedia.org

Penyu beuki lila beuki ngurangan. Malah, kiwati téh geus méh tumpur. Éta téh lantaran mindeng kagangu jeung habitatna ruksak. Upamana anak penyu kajaring ku pamayang (*nelayan*) atawa diala, terus diawétkeun, dijual keur kenang-kenangan.

Di basisir pakidulan Jawa Barat sok aya kénéh nu ngala endog penyu keur jualeun, atawa keur konsumsi. Dina sakali ngendog aya 150-na. Tapi, ku sabab mindeng dicokotan lila-lila mah béak.

Keur "pelestarian" penyu héjo hususna, sangkan penyu teu tumpur di sababaraha tempat di basisir laut kidul :di Batukaras, di Pangandaran, di Pangumbahan, di Cikepuh, kitu deui di Parigi geus diadegkeun Kelompok Penangkaran Biota Laut (KPBL). Éta kelompok téh ti taun 1983, geus ngamimitian programna di wilayahna. Kagiatan para anggotana ngumpulkeun endog penyu mapay-mapay basisir ti mimiti Batu Hiu nepi ka Bojong Salaut, saban tabuh sabelas peuting.

(Diropéa tina *WWF Indonésia – Green Wikipedia, Parigi (harapanrakyat.com)*)